



Itilize Anplwaye Sipò Tanporè nan Pwogram Rezidansyèl

Nimewo Politk la: RP-26-11

Dat Li Pibliye: 8 Jiyè, 2026

Dat Li an Vigè: 17 Novanm, 2026

Aplikabilite: Tout Pwogram Rezidansyèl Ki Gen Lisans

ENFÒMASYON DEBAZ

Depatman Edikasyon ak Swen/Gadri pou Timoun nan Massachusetts (EEC) angaje l pou sipòte pwogram rezidansyèl yo pandan y ap fè fas ak defi peryodik nan anplwaye yo pandan y ap bay sèvis. Pou kenbe sekirite ak pwoteksyon pandan pwogram yo ap jere defi anplwaye sa yo, EEC detaye kondisyon nan politik sa a pou itilizasyon Anplwaye ki la pou Ranfò Tanporè nan pwogram rezidansyèl ki gen lisans yo.

OTORITE

- 606 CMR 3.03: Lisans
 - (7) Tout aplikasyon yo dwe akonpaye ak dokiman sa yo, si sa aplikab, ke Depatman an pral revize pou asire yo konplè epi an konfòmite ak 606 CMR 3.00. Tout dokiman yo dwe rete ajou, ak nenpòt mizajou ki soumèt bay Depatman an pou revizyon nan yon fòm Depatman an detèmine pandan tout dire lisans lan.
 - (b) Anplwaye/Estaf
 - (e) Sante ak Sekirite
- 606 CMR 3.04: Administrasyon Pwogram nan
 - (6) Anplwaye: (a), (e), (f)
 - (7) Oryantasyon ak Devlopman Pwofesyonèl: (a), (b), (c), (e), (f), (g)
- 606 CMR 3.07: Sipèvizyon, Anplwaye, ak Egzijans Swen/Gadri
 - (13) Transpò Rezidan yo

DEFINISYON

Pou objektif politik sa a, yo itilize definisyon sa a:

- Anplwaye Rezidansyèl pou Sipò Tanporè: Anplwaye tanporè ki anboche pa yon Ajans Rekritman, jan Depatman Estanda Travay Massachusetts la defini nan règleman 454 CMR 24.02, epi sa ki gen kontra pou travay nan yon pwogram rezidansyèl ki gen lisans EEC, dapre 606 CMR 3.04(6)(f).

DEKLARASYON SOU POLITIK LA

Planifikasyon pou itilize anplwaye rezidansyèl pou ranfò tanporè

Dapre 606 CMR 3.04(6)(f), yon pwogram rezidansyèl dwe kenbe yon politik ekri ki dekri plan li sou fason pwogram nan pral itilize anplwaye rezidansyèl pou asistans tanporè anvan li anboche anplwaye sa a.

Dapre 606 CMR 3.04(6)(a) ak 606 CMR 3.04(6)(f), anplwaye rezidansyèl pou asistans tanporè a dwe apwopriye dapre pwosesis verifikasyon dosye antesedan an (BRC) EEC anvan yo ka travay nan yon pwogram rezidansyèl.

Dapre 606 CMR 3.04(3)(a), tout anplwaye ki sou sèvis dwe konnen kiyès sou plas ki responsab sipèvizyon administratif pwogram nan tout tan.

Egzijans Fòmasyon pou Anplwaye Rezidansyèl pou Sipò Tanporè

Dapre 606 CMR 3.04(7)(c), yon pwogram rezidansyèl dwe bay anplwaye rezidansyèl pou ranfò tanporè yo fòmasyon dokimante sou sijè sa yo anvan yo ka travay nan yon kapasite siveye ak rezidan yo:

- Karakteristik timoun yo sèvi;
- sentòm ak siy deranjman emosyonèl/konpòtmantal, sidòz dwòg, entoksikasyon alkòl;
- Pwosedi ijans pwogram rezidansyèl la;
- Pwosedi pou rapòte ensidan kont abi ak neglijans yo sispèk ki rive;
- revizyon politik pwogram nan konsènan medikaman, timoun ki manke oswa ki absan, sipò pou konpòtman ak sipèvizyon rezidan yo; epi
- Pwofesyonalis ak konsyans sou limit yo.

Anplwaye Rezidansyèl pou Sipò Tanporè a ka sèlman travay san sipèvizyon ak rezidan yo nan yon pwogram rezidansyèl si yo satisfè tout kondisyon fòmasyon inisyal yo dekri nan 606 CMR 3.04(7)(c).

Yon anplwaye konsa ka patisipe sèlman nan restriksyon fizikal ak rezidan nan yon pwogram rezidansyèl si yo satisfè kondisyon fòmasyon sou sipò konpòtman/restriksyon ki dekri nan 606 CMR 3.04(7)(e).

Yon Anplwaye konsa ka administre medikaman bay rezidan yo nan yon pwogram rezidansyèl si yo satisfè kondisyon fòmasyon/sètifikasyon pou administrasyon medikaman yo dekri nan 606 CMR 3.04(7)(f).

Yon Anplwaye konsa ka sèlman fè pwosedi Reyanimasyon Pilmonè (CPR)/Premye Swen nan yon pwogram rezidansyèl si yo satisfè kondisyon sètifikasyon CPR ak Premye Swen yo dekri nan 606 CMR 3.04(7)(g).

Yon anplwaye konsa ka sèlman bay transpò pou rezidan nan yon pwogram rezidansyèl si yo menm ak pwogram rezidansyèl la satisfè kondisyon ki dekri nan 606 CMR 3.07(13).

KONFÒMITE

Estaf EEC an ka mezire konfòmite ak politik sa a lè li verifye konfòmite verifikasyon dosye antesedan an BRC, revize plan anplwaye tanporè pwogram nan, epi revize dokimantasyon ki dekri nan 606 CMR 3.04(6)(f).